

**RG MUGABE PPRIMARY SCHOOL EXAMINATIONS
GRADE 7 SHONA PAPER 2
MOCK EXAMINATION 2020**

CHIKAMU CHOKUTANGA

Sarudza musoro **mumwe chete** ugonyora pamusoro pawo. Rondedzero yako ngaive nemazwi ari pakati **pemakumi masere nezana nemakumi maviri**.

1. Nyora rondedzero uchitsanangura nzvimbo inoyevedza yawakamboshanyira.
2. Nyora rondedzero uchitsanangura zvakaitika musi wakanaya mvura zhinji kwazvo munzvimbo yaunogara.
3. Nyora tsamba kumukoma wako uchimuzivisa nezveurwere hwaambuya vako vari kuchipatara.
4. Nyora nhaurirano pakati pomutori wenhau nemunhu apona kubva mutsaona ichangobva kuitika pakati pemabhazi maviri abonderana pakafa vanhu vakawanda kwazvo.
5. Nyora tsamba uchinyunyuta kukanzuru pamusoro pekusatakurwa kwemarara nekushaikwa kwemvura.

CHIKAMU CHECHIPIRI

Nzwisiso

Tafara naTendai vakanga vaona kuti nguva zvino yakanga yakwana yokuti vagare vose mukufara, mukusuwa, uye munezvose zveupenyu. Tafara akatsvaga VaMacheso kuti vave munyai wake. Ndizvo VaMunyai vakarongedzerwa twavo ndokupinda munzira.

Munyai akasvika pamba pavatezvara ndokusvikoburukira bhasikoro pachivanze chavo. Ambuya vakatozotizira mumba, vakanga voda kutsikwa. Huku dzakatiza dzichiita mhere mhere dzisisazivi kwekuenda. Vatezvara vakadanidzira vachiti, “Ndiyani, ndiyani?”

Munyai akadanidzira achiti, “Ndini munyai, ndauya nemari yokuroora Tendai, mwanasikana wenyu ndabva kuchitoro chekwaHanandishe!” Baba vakamuregera achipinda mumba. Apinda mumba vakamutaurira kuti, “Dzokera kwako, hauna murau.”

Munyai akashaya kana pekutangira nokunyara paakaona kuti nyaya yakwira makata. Akanga zvino oshaya kuti Tafara muzukuru wake aisvikomutanga achitii? Musi uyu chero bhasikoro rake akatadza kurichovha obva pamba apa. Kunyara kwaiva komukunda zvirokwazvo.

Mibvunzo

Pindura mibvunzo **yose zvakazara.**

1. Munhu anofambisa mashoko eroora pakati pomukuwasha nemadzitezvara anonzi ani? [1]
2. Samataurirwe azvaitwa mundima, **kupinda munzira** kuita sei? [1]
3. Tafara aida kuroora ani? [1]
4. Chii chakaita kuti ambuya vatizire mumba? [1]
5. Sei munyai akadzorerwa navatezvara?[1]
6. Rimwe izwi rashandiswa mundima rinoreva zvakafanana **namutemo** nderipi? [1]
7. Hukama hupi hwaiva pakati pomunyai naTafara? [1]
8. Chii chakaita kuti munyai atadze kutasva bhasikoro rake achibva pamusha patezvara? [1]
9. Nyora chirevo chimwe chete chinotsanangura hunhu hwomunyai ari mundima. [2]